



## Dosye Enfòmasyon pou Paran/Responsab

Chè paran oswa responsab:

W ap jwenn nan pake sa a resous, enfòmasyon ak fòmilè pou paran ak moun responsab elèv yo mande yon odyans san patipri pou yo a. Tanpri, pran san w pou w verifye dokiman yo epi kontakte moun ki responsab dosye w la pou nenpòt kesyon ak enkyetid ou genyen sou ki nivo yo ye nan pwosesis nòmal plent ou a.

Pake sa a gen ladan l:

- Enfòmasyon ak Fòmilè Priyorite Lis Atant lan
- Sipò pou Fanmi yo: Enfòmasyon kontak pou Sant Paran nan Edikasyon Espesyal, ak Sèvis Legal ak Ajans Defans
- Paj enfòmasyon sou Negosyasyon konpare ak Rezolisyon
- Anons ki fèt ansanm konsènan Tranzisyon DFO-IU ak Enstriksyon pou Voye yon Demann Konsènan Aplikasyon Manda pou Odyans san Patipri.
- Mandan ki pa ranpli (ak enstriksyon)
- Fòmilè pou plizyè demann diferan: Sèvis Entèpretasyon/Tradiksyon, Aksè ak Chèz Woulant, Fòmilè Pataj Enfòmasyon Konfidansyèl, Demann pou Prezans Timoun (ki gen mwens pase 18 lane); Demann pou Prezans Timoun (ki pi gran pase 18 lane), Demann pou yon Odyas san Patipri
- Biwo Jijman ak Odyans Administratif: Depatman Odyans pou Edikasyon Espesyal (OATH)

Pou nou jwenn plis èd, nou ankouraje paran ak moun responsab yo pou yo itilize sèvis ki disponib yo, sitou sa k mansyone nan lis ki nan seksyon Sipò pou Fanmi yo. Gen anpil ahans ak gwoup nan Zòn Metropoliten nan Nouyòk la ki pare e ki vle bay paran yo, moun responsab yo èd, e sa k pi enpòtan, bay pitit yo èd gratis oswa pou yon tikras kòb.

Avèk respè,

Biwo Odyans San Patipri nan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk



## ENFÒMASYON ENPÒTAN POU FANMI YO: BAY TRAVAY SOU DOSYE KI GEN PRIYORITE

Yo bay Ajan Odyans San Patipri yo plent ki fèt daprè pwosesis nòmal yo, dapre nivo priyorite yo tou, *yo gade nan ki nivo plasman elèv la ye pou yo fè sa*. Yo mande moun k ap depoze dosye yo pou yo ranpli yon sondaj pou yo bay biwo nou an enfòmasyon k ap pèmèt nou wè nan ki lè pou yo bay yon ajan odyans dosye w la.

**Li enpòtan anpil pou w ranpli sondaj la si pitit ou a p ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan moman an, l ap resevwa sèvis ki limite, oswa si fanmi w p ap peye pou sèvis yo pandan w ap tann rezolisyon plent ou an ki fèt daprè pwosesis nòmal la.**

Tanpri gade opsyon yo ki pi ba a epi ranpli fòmilè a pou w chwazi opsyon ki pi byen reprezante sitiyasyon pitit ou a nan moman an.

Opsyon 1	Opsyon 2	Opsyon 3	Opsyon 4
<p>Elèv la p ap resevwa okenn pwogram oswa sèvis edikasyon espesyal – piblik oswa prive – nan moman an e 1 ap depoze yon reklamasyon IDEA.</p> <p><i>IDEA se yon lwa federal ki mande pou distri a bay yon Edikasyon Piblik ki Gratis e ki Apwopriye pou elèv ki kalifye ki gen andikap, kèlesyon sa andikap la ye oswa gravite l; e pou mete sou pye pwosedi pou idantifye elèv ki gen andikap yo.</i></p>	<p>Elèv la ap depoze yon reklamasyon dapre IDEA e 1 pa ann atant.</p> <p><i>Ann Atant se yon lòd pou “rete kote w ye a” ki pèmèt pitit ou a rete nan denye lekòl yo te dakò pou mete l pandan pwosesis odyans san patipri a.</i></p>	<p>Elèv la ap depoze yon reklamasyon dapre IDEA e 1 ann atant.</p> <p><i>Ann Atant se yon lòd pou “rete kote w ye a” ki pèmèt pitit ou a rete nan denye lekòl yo te dakò pou mete l pandan pwosesis odyans san patipri a.</i></p>	<p>Elèv la ap depoze yon reklamasyon dapre dispozisyon oswa aplikasyon sèvis ki jis dapre Lwa 3602(c) konsènan Edikasyon nan Eta Nouyòk.</p> <p><i>Lwa Edikasyon Eta Nouyòk 3602(c) a fè konnen elèv paran yo mete yon nan lekòl privé yo gen tout dwa yo pou yo reserva sèvis edikasyon espesyal ki jis grasa kreyasyon yon IESP.</i></p>

Nou konnen li ka difisil pou w konprann ki reponn pou w chwazi nan sondaj la. Si w bezwen èd pou w reponn sondaj la, oswa w gen kesyon konsènan sondaj la, ou ka rele New York Legal Assistance Group (NYLAG) a nan 212946-0352, oswa voye yon imel ba yo nan [JSM@nylag.org](mailto:JSM@nylag.org). NYLAD, ansanm ak kabinè avoka Sullivan & Cromwell, reprezante tout fanmi ki gen plent ki nan pwosesis nòmal yo nan yon pwosè legal pou gwoup la konsènan delè nan pwosesis odyans san patipri a (*J.S.M., et al. v. NYC Department of Education, et al.*, 20 CV 705 (E.D.N.Y.).



## RANPLI SONDAJ LA NAN PAJ KI VIN APRE A

## Senk Fason pou w Ranpli Sondaj sou Distribisyon Dosye ki Gen Priyelite a

OPSYON 1:  
Eskane kòd QR la ak kamera  
ki nan Telefòn Entèlijan w  
lan pou l ka voye w sou sit  
entènèt sondaj la.



OPSYON 2:  
Si w ap gade vèsyon  
elektwonik pake sa a, KLIKE  
LA A.

OPSYON 4:  
Rele oswa voye yon imel bay  
responsab dosye w la epi mande  
l pou l ranpli fòmilè a pou ou.

OPSYON 3:  
Tape adrès entènèt sa a nan  
navigate w:  
<https://tinyurl.com/IHOCASEAssignment>

Ou ka jwenn enfòmasyon sa a  
nan imel ki gen konfirmasyon ki  
di yo trete demann odyans san  
patipri w la.

OPSYON 5: Ranpli sondaj ki pi ba a epi voye paj sa a pa lapòs nan:

Impartial Hearing Office  
ATTN: Priority Case Assignment Form  
131 Livingston Street, Room 201  
Brooklyn NY, 11201

Non elèv la: \_\_\_\_\_ Dat Nesans Elèv la: \_\_\_\_\_

Non Paran/Moun k ap Ranpli a: \_\_\_\_\_ Nimewo NYCID Elèv la:  
\_\_\_\_\_

6 Chif Nimewo Dosye Plent Pwosesis Nòmal la: \_\_\_\_\_ Dat plent lan te depoze: \_\_\_\_\_

Chwazi Opsyon ki pi wo a ki pi byen dekri sitiyasyon pitit ou a nan moman an (gade paj anvan an, lè sa nesesè):  
\_\_\_\_\_

OPSYON 1: Elèv la p ap resevwa okenn pwogram oswa sèvis edikasyon espesyal –  
piblik oswa prive – nan moman an e l ap depoze yon reklamasyon IDEA.

OPSYON 2: Elèv la ap depoze yon reklamasyon dapre IDEA e l pa ann atant.  
\_\_\_\_\_

OPSYON 3: Elèv la ap depoze yon reklamasyon dapre IDEA e l ann atant.  
\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ OPSYON 4: Elèv la ap depoze yon reklamasyon dapre dispozisyon oswa aplikasyon sèvis ki jis dapre Lwa 3602(c) konsènan Edikasyon nan Eta Nouyòk.

## Sipò pou Fanmi yo: Sant paran pou edikasyon espesyal

Gen sant paran pou edikasyon espesyal nan Vil Nouyòk. Sant sa yo:ap bay paran SWD enfòmasyon, resous ak estrateji pou:

1. Ankouraje patisipasyon ki bay rezulta nan pwogram edikasyon pitit yo, sa gen ladan l enfòmasyon konsènnan pwosesis edikasyon espesyal la (referans, evalyasyon endividiyèl ak kreyasyon pwogram edikasyon endividiyèl ak planifikasyon tranzisyon);
2. Ede w konprann andikap pitit ou a;
3. Ankouraje rezolisyón konfli bonè ant paran ak distri lekòl yo;
4. Ankouraje itilizasyon sesyon rezolisyón ak medyasyon pou edikasyon espesyal;
5. Ede w konprann dwa pou pwosedi san patipri tankou dwa pou odisyon ak apèl san patipri ak pou pwosesis plent bay Eta a;
6. Ranfòse kapasite paran ak nivo konfyans pou kominike avèk efikasite; ak
7. Travay nan kolaborasyon avèk lòt lekòl yo ak lòt konsène pou defann ak patisipe yon fason aktif nan pwogram edikasyon timoun yo. Tanpri kontakte sant pou paran ki pi pre w la pou yo ka ede w.

Sant pou Paran			
Non	Address	Nimewo telefòn	Remak
INCLUDEnyc	520 8 <sup>th</sup> Avenue, 25 <sup>th</sup> Floor Suite 2503 New York, NY 10019	<b>Anglè:</b> Telephone: 212 677 4660 Text: 646 693 3175  <b>Panyòl:</b> Telephone: 212 677 4668 Text: 646 693 3157  WhatsApp: 646 693 3157	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bay moun ki abite Queens, Brooklyn, Bronx, Manhattan ak Staten Island sèvis</li> <li>• Sit entènèt: <a href="http://www.includenyc.org">www.includenyc.org</a></li> <li>• Paran ak Responsab yo ka ranpli fòmilè anliy lan sou <a href="https://www.tfaforms.com/422946">https://www.tfaforms.com/422946</a> pou yo pran yon randevou ak yon edikatè INCLUDEnyc.</li> </ul>

## Sipò pou Fanmi yo: Ajans sèvis legal ak defans dwa moun

Men yo lis ajans sèvis legal ak defans dwa moun gratis ki ka disponib pou reprezante timoun nan odyans san patipri yo. Chak ajans gen opsyon pou aksepte oswa refize nenpòt aplikasyon pou sèvis li yo.

<b>Non</b>	<b>Address</b>	<b>Nimewo telefòn</b>	<b>Remak</b>
Legal Services – NYC MAIN OFFICE	40 Worth St., Ste., 606 New York, NY 10027	(917) 661-4500 Liy ki toujou ouvè pou èd legal nan Vil la	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li sèvi moun ki abite nan Vil Nouyòk</li> <li>Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib</li> </ul>
Legal Services – Brooklyn	105 Court Street, 4 <sup>th</sup> Fl. Brooklyn, NY 11201	(718) 237-5500	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li sèvi moun ki abite Brooklyn</li> <li>Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib</li> </ul>
Legal Services – Bronx	349 E. 149 <sup>th</sup> St., 10 <sup>th</sup> Fl. Bronx, NY 10451	(718) 928-3700	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li sèvi moun ki abite Bronx</li> <li>Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib</li> </ul>
Legal Services – Manhattan	1 West 125 <sup>th</sup> St., 2 <sup>nd</sup> Fl. New York, NY 10027	(646) 442-3100 (212) 348-4093	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li sèvi moun ki abite Manhattan</li> <li>Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib</li> </ul>
Legal Services – Queens	89-00 Suphin Blvd. 5 <sup>th</sup> Floor Jamaica, NY 11435	(347) 592-2200	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li sèvi moun ki abite Queens</li> <li>Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib</li> </ul>
Legal Services – Staten Island	36 Richmond Terrace, Ste. 205 Staten Island, NY 10301	(718) 233-6480	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li sèvi moun ki abite Staten Island</li> <li>Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib</li> </ul>
New York Lawyers for the Public Interest	151 W. 30 <sup>th</sup> St., 11 <sup>th</sup> Fl. New York, NY 10001	(212) 244-4664	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li sèvi moun ki abite nan tout senk borough yo</li> <li>Ou dwe gen randevou</li> <li>Fòmilè anliy pou w mande èd: <a href="https://www.nylpi.org/get-help/">https://www.nylpi.org/get-help/</a></li> <li><a href="http://www.nylpi.org/">www.nylpi.org</a></li> </ul>
Mobilization for Justice	100 William Street 6 <sup>th</sup> floor New York, NY 10038	(212) 417-3786	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kontak imel: SpecialEd@mfjlegal.org</li> <li>Li sèvi moun ki abite nan tout senk borough yo</li> <li>Gratis pou paran ki pa gen gwo salè</li> <li><a href="http://mobilizationforjustice.org/">http://mobilizationforjustice.org/</a></li> </ul>

<b>Non</b>	<b>Address</b>	<b>Nimewo telefòn</b>	<b>Remak</b>
NY Legal Assistance Group	7 Hanover Sq., 18 <sup>th</sup> Fl. New York, NY 10004	(212) 613-5000	Kontak Imel: info@nylag.org <a href="http://www.nylag.org">www.nylag.org</a>
Defansè pou timoun	151 W. 30 <sup>th</sup> St., 5 <sup>th</sup> Fl. New York, NY 10001	(212) 947-9779  Liy telefòn pou èd: (866) 427-6033	<a href="http://www.advocatesforchildren.org">www.advocatesforchildren.org</a>
Sinergia, Inc.	2082 Lexington Ave. 3yèm etaj New York, NY 10035	(212) 643-2840 oswa gratis nan (866) 867 9665	<a href="http://www.sinergiany.org">www.sinergiany.org</a>

**Sonje:** Biwo odisyon san patipri a pa andose ni pran okenn responsabilite pou disponiblite oswa travay ajans ki nan lis la

## **Negosyasyon kopare ak Rezolisyon: Sa Fanmi yo Bezwèn Konnnen**

<b>Negosyasyon</b>	<b>Rankont nan kad rezolisyon:</b>
Yon moun dwe fè demann pou negosyasyon pa ekri e toulède konsène yo dwe dakò patisipe nan negosyasyon an.	Rankont nan kad rezolisyon an se yon pati obligatwa nan Pwosesis Odyans San Patipri a; yon Pwosesis Plent Nòmal ka anile si paran an pa kolabore ak demach k ap fèt pou l patisipe nan yon rankont nan kad rezolisyon.
Yon moun ka fè demann pou Negosyasyon an ak yon Demann Odyans San Patipri ki aktif, oswa poukонт li.	Yon Rankont nan kad rezolisyon dwe planifye nan espas 15 premye jou apre yon Demann Odyans San Patipri fèt, sof si toulède konsène yo dakò pou Rankont nan kad rezolisyon an pa fèt.
Se Sant Rezolisyon Plent endependan ki pa gen okenn enterè nan dosye a ki planifye 1 e ki jere 1, e yo resevwa fòmasyon nan domèn rezolisyon konfli ak lwa ak pwosedi Edikasyon Espesyal.	Se Responsab Dosye Rezolisyon an ki planifye 1 e ki dirije 1
Negosyasyon an konsantre sou kolaborasyon ak komunikasyon e 1 bay konsène yo posibilité pou yo fè konvèsasyon sou pwoblèm nan yon fason onèt e pou yo travay ansanm pou yo jwenn yon solisyon.	Rezolisyon an konsantre sou sa Distri a vle bay pou rezoud Plent Pwosesis Nòmal la.
Li bon pou plent konsènan evalyasyon, transpò, kad oswa sèvis pou IEP/ IESP elèv ou a oswa lekòl yo mete 1 la.	Li bon pou plent konsènan pèman lajan lekòl, oswa pèman sèvis yo.
Negosyasyon an konfidansyèl, konvèsasyon pandan pwosesis negosyasyon an ka pa pataje pandan Odyans San Patipri a si negosyasyon an pa bay okenn rezulta.	Yo ka pataje enfòmasyon yo bay ak konvèsasyon ki fèt pandan seyans Rezolisyon an pandan yon Odyans San Patipri si rankont nan kad rezolisyon pa bay okenn rezulta.
Antant negosyasyon yo definitif e y ap aplike yo nan tribinal.	Antant rezolisyon yo definitif e y ap aplike yo nan tribinal.



**Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan  
negosyasyon, voye yon imel  
[nanIHOMediation@schools.nyc.gov.](mailto:nanIHOMediation@schools.nyc.gov)**

**Pou w voye yon demann negosyasyon, voye yon  
imel nan [IHOQuest@schools.nyc.gov.](mailto:IHOQuest@schools.nyc.gov)**



## ANONS KI FÈT ANSANM

5 Avril 2024

Biwo Avoka Jeneral la  
Responsab Dosye Edikasyon Espesyal  
Biwo Aplikasyon Manda Odyans San Patipri

Biwo Tranzaksyon Finansye  
Depatman Faktirasyon

### **PWOSESIS REGILYE PWOSESIS PÈMAN MANDA POU ODYANS SAN PATIPRI**

N ap chanje fason òganizasyon nou an fonksyone nan kad angajman nou genyen pou nou amelyore pwoesisis aplikasyon manda pou odyans san patipri a.

Apre nou fin analize kòmantè patisipan yo fè ak enstriksyon Special Master a, n ap chanje fason nou òganize travay Biwo Aplikasyon Manda Odyans San Patipri (IHOIU) a pou pi byen sèvi elèv ak fanmi yo.

Pwoesisis aplikasyon an pou pèman ki ka gen pou fèt ak lajan yo gen pou yo remèt fèt nan yon pwoesisis ki gen twa etap ekip ki annapre a jere:

1. **Respè règleman:** analize ouvri kòmann, idantifye aksyon ki nesesè.
2. **Jesyon Kont:** verifye enfòmasyon vandè a ak dokiman sipò pou kreye paramèt finansman pou sèvis ak pwogram ki kòmande yp. Fonksyon administratif sa a souvan yo rele l pwoesisis "otorizasyon".
3. **Faktirasyon:** resevwa fakti vandè a epi fè pèman dapre paramèt finansman ki otorize pi wo a.

Travay ekip Respè Règleman ak Jesyon Kont yo (sa gen ladan l lajan lekòl la ak tout ranbousman yo) ap kontinye fèt nan Biwo Aplikasyon Manda Odyans San Patipri a (IHOIU).

Travay Ekip Faktirasyon an pou trete pèman founisè sèvis endepandan yo nan Biwo Tranzaksyon Finansye kounye a - Biwo Tranzaksyon ("DFO-PO")

N ap bay enstriksyon mizajou pou fason pou w voye kesyon nan chak biwo nou yo - IHOIU ak DFO-PO [Gade dokiman ki atache a] pou sipòte tranzisyon sa a. Enstriksyon sa yo ap sèvi kòm mwayen ki efikas pou nou asire nou otorizasyon nan sistèm nou an ak pèman yo ann amoni ak manda pou odyans yo.

Nou gen konfyans chanjman sa yo ap amelyore pwosesis aplikasyon an e y ap nan avantaj elèv yo ak fanmi yo.

An kolaborasyon,

Biwo Avoka Jeneral, Jesyon Dosye Edikasyon Espesyal, Biwo Aplikasyon  
Manda Odyans San Patipri (IHOIU)

ak

Biwo Tranzaksyon Finansye, Biwo Tranzaksyon (DFO-PO)

*Dokiman Siplemantè: Enstriksyon pou voye yon kesyon nan IHOIU ak DFO-PO, ki gen dat 5 avril 2024*

## **ENSTRIKSYON POU VOYE YON DEMANN**

Pou nou ka pi byen ede w, Biwo Aplikasyon Manda Odyans San Patipri (IHOIU) a ak Biwo Tranzaksyon Finansye, Biwo Tranzaksyon (DFO-PO), Biwo Tranzaksyon (DFO-PO) ap bay enstriksyon ki annapre yo sou fason pou w voye demann nan chak biwo nou yo.

### **Enfòmasyon Ki Obligatwa pou Tout Demann**

1. Non konplè elèv la
2. Nimewo OSIS
3. Nimewo Dosye Manda Odyans San Patipri
4. Biwo I soti

### **Rezime**

1. Moun konsène yo ak reprezantan yo ta dwe kontakte IHOIU pou lajan lekòl ak dosye pwosesisotorizasyon sèvis.
2. Moun konsène yo ak reprezantan yo ta dwe konnen responsab kont yo genyen pou IHOIU pou otorizasyon. Avoka/kabinè/defansè te konnen kiyès ki espesyalis kont IHOIU yo a.
3. Si yo pa otorize lajan lekòl la oswa sèvis yo, moun konsène yo oswa reprezantan yo ta dwe suiv enstriksyon ki nan "Seksyon 2: Dosye ki poko Otorize" nan Pwosesis Demann ki Pi Ba a.
4. IHOIU, antanke yon biwo ki anndan Biwo NYCPS Biwo Avoka Jeneral la, p ap kontakte vandè paske vandè yo pa fè pati plent ki mansyone a nan kad pwosesis regilye.
5. Kou dosye a otorize, moun k ap peye a ta dwe suiv enstriksyon nan "Seksyon 1: Dosye Otorize".
6. N ap reponn demann yo nan kat jou ouvrab. N ap konfime resepsyon demann nan, n ap fè w konnen pwoche etap yo, ak delè pou rezoud demann nan.

## **Pwosesis Demann pou Manda Odyans san Patipri**

IHOIU ak DFO-PO pran angajman pou aplike Manda Odyans San Patipri a yon fason efikas. Pou nou asire nou elèv yo resevwa sèvis yo gen dwa resevwa yo ki fèt ak founisè, vandè fanmi an chwazi yo (sa gen ladan I lekòl ak ajans) yo ta dwe suiv pwosesis demann ki pi ba a:

1. **Dosye Otorize:** Si vandè a te resevwa yon imel otorizasyon **pou peryòd n ap chèche pèman** pou sèvis (SETSS/sèvis ki koresponn yo/evalyasyon/elt.) yo bay nan yon dosye, yo dwe voye yon fakti bay: [IHServiceInvoices@schools.nyc.gov](mailto:IHServiceInvoices@schools.nyc.gov).

Ou dwe voye demann pou peye lekòl la pou dosye ki otorize yo bay:  
[IUTuitionPayments@schools.nyc.gov](mailto:IUTuitionPayments@schools.nyc.gov).

2. **Dosye ki pokò otorize yo:** Si vandè a pokò resevwa yon imel otorizasyon pou peryòd y ap mande pèman an pou sèvis yo bay yo, paran an oswa reprezantan yo ta dwe voye yon imel bay Espesyalis Kont IHOIU a ak yon kopi [IUAuthorization@schools.nyc.gov](mailto:IUAuthorization@schools.nyc.gov).

Anvan yo kontakte nou, paran an oswa reprezantan yo ta dwe konfime gen yon Manda pou Odyans san Patipri oswa Antant ki mande pou sèvis yo fèt ak peryòd sèvis y ap mande pèman pou li a.

## Enstriksyon pou Manda

Biwo Odyans San Patipri a bay Fòmilè Manda sa a pou ede moun konsène yo fè demann manda. Yon manda se yon lòd ekri pou prezante nan yon odyans ak/oswa pou bay dokiman pou yon odyans. Pandan yon pwosesis odyans san patipri a, responsab odyans lan ka bay yon manda selon demann yon moun konsène fè.

### Pwosesis pou Fè Demann Manda

1. **Voye yon Fòmilè Manda Konplè:** Pou l jwenn yon manda, moun konsène a dwe voye yon fòmilè manda konplè bay responsab dosye Biwo Odyans San Patipri a chwazi a (swa lè l itilize fòmilè sa a oswa pa l). Moun ki responsab dosye a ap voye yon fòmilè manda tousuit bay responsab odyans lan ak lòt moun konsène a pou analize l/konteste l.
2. **Jwenn apwobasyon Responsab Odyans lan:** Responsab odyans lan ap analize manda a, pandan l ap konsidere nenpòt kontestasyon lòt moun konsène a fè sou manda a. Si responsab odyans lan apwouve manda a, responsab la ap siyen epi mete dat sou manda a epi bay moun ki responsab dosye a yon kopi siyen manda a ki pral voye l bay moun k ap fè demann nan.
3. **Voye Manda a ale bay Temwen an:** Voye manda a ale se sèl responsabilite moun konsène k ap fè demann nan.

### Ranpli Fòmilè Manda sa a

- **Liy "Pou":** Idantife temwen an nan liy "Pou" la ki nan tèt Fòmilè Manda a, sa gen ladan l non moun nan ak adrès li nan moman an.
- **Seksyon Temwayaj:** Si w vle pou temwen an bay temwayaj nan odyans lan, koche premye kare a (ki toupre lòd pou rezante) a epi mete (1) kote, dat ak lè odyans lan epi (2), non elèv la ak mimewo dosye nan Biwo Odyans San Patipri a.
- **Seksyon Dokiman:** Si w vle temwen an prepare dokiman (met sou oswa olye l bay temwayaj nan odyans lan), koche dezyèm kare a (ki bò kot lòd pou prepare dokiman) epi idantife dokiman pou l prepare nan espas yo bay pou sa a. Lòt bagay:
  - Si w ta renmen pou yo voye dokiman yo nan odyans lan, koche premye ti kare a (ki kot "nan lè ak kote ki mansyone pi wo a") epi asire w kote a, dat ak lè odyans lan mansyone nan Seksyon Temwayaj la (paragraf ki bò kot premye kare pou koche a), oswa
  - Si w vle pou yo voye dokiman yo nan yon lòt kote (pa egzanp, ba ou oswa bay reprezantan w), koche dezyèm ti kare a epi bay kote ak delè pou yo voye l nan espas yo bay pou sa.

## MANDA

DEPATMAN EDIKASYON, VIL NOUYÒK  
131 Livingston Street, Room 201, Brooklyn, New York 11201

### NAN NON MOUN KI NAN ETA NOUYÒK YO:

POU: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**PA MWAYEN DOKIMAN SA A, OU GEN OBLIGASYON**, met tout biznis ak eskiz sou kote, pou w:

Vini epi patisipe devan Responsab Odyans San Patipri ki siyen an nan \_\_\_\_\_

nan dat \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_\_ A.M/ P.M.,

oswa nenpòt dat ak lè Responsab Odyans San Patipri yo di a replanifye, pou bay temwayaj  
epi bay prèv nan yon odyans fòmèl konsènan yon elèv ki pote non

\_\_\_\_\_ ; ak/ oswa

Prepare ak retounen dokiman ki annapre yo: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

ki nan men w kounye a, ak tout lòt prèv ou gen nan men w konsènan elèv ki mansyone pi wo a.

nan lè ak kote ki mansyone pi wo a

pou \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

se \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_\_.

**TANPRI REMAKE** manda sa a fèt ann amoni ak seksyon 200.5(j)(3)(iv) nan Règleman Komisè Edikasyon an.

Daprè Lòd Responsab Odyans San Patipri a

Dat: \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
**RESPONSAB ODYANS SAN PATIPRI**

## MANDA

DEPATMAN EDIKASYON, VIL NOUYOK  
131 Livingston Street, Room 201, Brooklyn, New York 11201

### NAN NON MOUN KI NAN ETA NOUYOK YO:

POU: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**PA MWAYEN DOKIMAN SA A, OU GEN OBLIGASYON**, met tout biznis ak eskiz sou kote, pou w:

Vini epi patisipe devan Responsab Odyans San Patipri ki siyen an nan \_\_\_\_\_

nan dat \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_ a \_\_\_\_\_ A.M/ P.M.,

oswa nenpòt dat ak lè Responsab Odyans San Patipri yo di a replanifye, pou bay temwayaj  
epi bay prèv nan yon odyans fòmèl konsènan yon elèv ki pote non

\_\_\_\_\_ ; ak/ oswa

Prepare ak retounen dokiman ki annapre yo: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

ki nan men w kounye a, ak tout lòt prèv ou gen nan men w konsènan elèv ki mansyone pi wo a.

nan lè ak kote ki mansyone pi wo a

pou \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

se \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_\_.  
\_\_\_\_\_

**TANPRI REMAKE** manda sa a fêt ann amoni ak seksyon 200.5(j)(3)(iv) nan Règleman Komisè Edikasyon an.

Daprè Lòd Biwo Odyans San Patipri a

Dat: \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_

RESPONSAB ODYANS SAN PATIPRI

# DOSYE \_\_\_\_\_

**DEMAND POU YON ENTÈPRET**

Mwen menm, \_\_\_\_\_, ki se paran an oswa moun ki jwe wòl paran an \_\_\_\_\_, mande pou gen yon entèprèt  
(Non timoun nan)  
 ki la pou yon odyans san patipri k ap fêt \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_.  
(Date) (Time)

- Entèrèt la ta dwe prepare l pou l entèprete lang li annapre a  
 Lang (lang yo) \_\_\_\_\_ ; OSWA
- Entèrèt la ta dwe prepare l pou l entèprete nan lang siy ameriken.

---

 (Non Paran - Tanpri ekri ak lèt  
 detache)

---

 (Date)

---

 (Siyati Paran)
**DEMAND AKSÈ POU CHÈZ WOULANT**

# DOSYE \_\_\_\_\_

Mwen men, \_\_\_\_\_, ki se paran an oswa moun ki jwe wòl  
 paran an lè w pale \_\_\_\_\_, mande lokal ki gen aksè pou chèz woulant  
(Non timoun nan)  
 odyans san patipri k ap fêt \_\_\_\_\_ nan .  
(Date) (Time)

---

 (Non Paran - Tanpri ekri ak lèt  
 detache)

---

 (Date)

---

 (Siyati Paran)
**VOYE FÒMILÈ RANPLI YO NAN BIWO ODYANS SAN PATIPRI A**IMEL: [IHOCaseCoordinator@schools.nyc.gov](mailto:IHOCaseCoordinator@schools.nyc.gov) (prefere)

FAKS: 718-391-6181

LAPÒS: 131 Livingston Street - Room 201, Brooklyn, NY 11201



## FÒMILE PATAJ ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL

Mwen bay otorizasyon \_\_\_\_\_ \* pou ede m reprezante pitit mwen an,

\_\_\_\_\_ (dat nesans \_\_\_\_/ \_\_\_\_/ \_\_\_\_ ) nan odyans san patipri a. Mwen bay Biwo Odyans San Patipri a otorizasyon pou yo kontakte moun non l mansyone pi wo a e m pèmèt moun sa a pou l resevwa e pou l analize nenpòt dokiman ki gen rapò ak dosye sa a. Otorizasyon sa a valab jiskaske dosye a fèmen oswa jiskaske m anile konsantman m, nenpòt sa k rive anvan an.

NON PARAN/RESPONSAB  
(TANPRI EKRIAK LÈT DETACHE)

RIADRÈS LA/ NIMEWO APATMAN

DAT

PHONE NUMBER

SIYATI PARAN/RESPONSAB

VIL, ETA, KÒD POSTAL

IMÈL

### ETA NOUYOK

REJYON \_\_\_\_\_)

Nan \_\_\_\_\_ jou nan \_\_\_\_\_ nan ane \_\_\_\_\_ devan m, moun ki mansyone la vini pèsonèlman \_\_\_\_\_ mwen konnen l pèsonèlman oswa ban m prèv sou baz prèv solid, montre li se moun sa a ki gen non l ki mansyone nan dokiman sa a e mwen rekonèt li jwe wòl sa a nan kapasite l e pa mwayen siyati l sou dokiman sa a, moun nan oswa moun l ap reprezante a, te prepare dokiman an.

### SIYATI PIBLIK NOTÈ A

#### Tanpri bay enfòmasyon ki annapre yo (ekri l yon fason klè):

Adrès Reprezantan an: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_ Adrès imèl: \_\_\_\_\_

### VOYE FÒMILE RANPLI YO NAN BIWO ODYANS SAN PATIPRI A

IMEL: [IHOCaseCoordinator@schools.nyc.gov](mailto:IHOCaseCoordinator@schools.nyc.gov) (prefere)

FAKS: 718-391-6181

LAPÒS: 131 Livingston Street - Room 201, Brooklyn, NY 11201



# DOSYE \_\_\_\_\_

**DEMANN PARAN/MOUN RESPONSAB LA FÈ POU ELÈV LA PREZAN**

Mwen menm, \_\_\_\_\_, ki se paran an oswa moun  
ki jwe wòl paran an \_\_\_\_\_ mande pou pitit mwen an  
prezan NAn odyans san patipri k ap fêt pou \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_.  
(Date) (Time)

(Non Paran - Tanpri ekri ak lèt  
detache)

(Date)

(Siyati Paran)

**DEMANN ELÈV KI GEN 18 LANE OSWA PLIS FÈ POU  
ELÈV LA PREZAN**

# DOSYE \_\_\_\_\_

Mwen men, \_\_\_\_\_, ki se elèv k ap sijè yon odyans san patipri  
k ap fêt pou \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_ mande pou  
(Date) (Time)  
m prezan nan odyans lan. Mwen gen dizuit lane oswa plis.

(Dat nesans)

(Dat demann nan)

(Siyati Elèv la)

**DEMANN POU YON ODYANS PIBLIK**

# DOSYE \_\_\_\_\_

Mwen menm, \_\_\_\_\_, ki se paran an oswa moun ki jwe  
wòl paran \_\_\_\_\_ mande pou odyans san patipri k ap fêt pou  
pitit mwen an ouvè pou piblik la nan dat \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_\_.  
(Date) (Time)

(Non Paran - Tanpri ekri ak lèt  
detache)

(Date)

(Siyati Paran)

**VOYE FÒMILÈ RANPLI YO NAN BIWO ODYANS SAN PATIPRI A**

IMEL: [IHOCaseCoordinator@schools.nyc.gov](mailto:IHOCaseCoordinator@schools.nyc.gov) (prefere)

FAKS: 718-391-6181

LAPÒS: 131 Livingston Street - Room 201, Brooklyn, NY 11201



Impartial Hearing Office  
131 Livingston Street Room 201  
Brooklyn, New York 11201  
Tel: 718-935-3280  
Faks: 718-391-6181

Chè paran oswa responsab:

Nan dat 1ye desanm 2021, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED), Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (Department of Education, DOE) ak Biwo Jijman ak Odyans Administratif (Office of Administrative Trials and Hearing, OATH) te siyen yon Antant Ekri ki transfere jesyon odyans san patipri nan kad edikasyon espesyal sot nan Biwo Odyans san Patipri DOE a pou voye l nan tribinal dwa administratif endependan nan Vil la, OATH. Odyans pou dosye sa yon se Ajan Odyans pou Edikasyon Espesyal NYSED ki gen otorizasyon pou sa ki se anplwaye Biwo Jijman ak Odyans Administratif la. Ajan Odyans OATH yo gen otorizasyon pou dirije odyans san patipri ak pwoesisis nòmal kote paran yo, ann amoni ak lwa federal ak eta a, ka konteste desizyon Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la fè epi chèche solisyon pou edikasyon pitit yo.

Si yo bay yon Ajan Odyans OATH dosye w la, tanpri voye tout mesaj konsènan dosye w la bay ajan odyans lan ak reprezantan distri yo chwazi a. Nou mande pou w retire Kowòdonatè Dosye nan Biwo Odyans san Patipri a nan tout mesaj y ap voye konsènan dosye a. Si w gen lòt kesyon, tanpri kontakte Biwo Jijman ak Odyans Administratif (OATH) dirèkte man nan:

Special Education Hearings Division  
Office of Administrative Trials and Hearings  
66 John Street, 11th Floor  
New York, NY 10038  
Imèl: [sehd@oath.nyc.gov](mailto:sehd@oath.nyc.gov)  
Telefòn: (212) 436-0821  
Sit Entènèt: <https://www.nyc.gov/site/oath/special-ed/overview.page>

Avèk senserite,

Impartial Hearing Office

## Plis enfòmasyon

**Yon Gid Pou Paran: Edikasyon Espesyal nan Eta Nouyòk pou Timoun ki gen 2-21 lane,** disponib sou sit entènèt Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) a ki se

<https://www.p12.nysesd.gov/specialed/publications/policy/parentsguide.pdf>

**Règleman ak Lwa Eta Nouyòk ki gen Rapò ak Edikasyon Espesyal ak Elèv ki Gen Andikap yo** sou sit entènèt NYSED a ki se

<http://www.nysesd.gov/special-education/new-york-state-laws-and-regulationsrelated-special-education-and-students>.